


Enstriksyon sou ListenWIFI

Avèk app ListenWIFI la, ou ka resevwa asistans pou koute oswa fè entèpretasyon atravè pwòp smartphone pèsonèl ou sou rezò sanfil chapèl la. Kas ekoutè avèk fil yo rekòmande, men ou ka itilize ekoutè Bluetooth, vlope nan kou, enplan kokleyè oswa pwotèz oditif tou.




1 Konekte nan Wi-Fi. Rezo a se **Liahona**. Modpas la se **alma3738**.




2 Glise desann epi tape sou **Kontinye sou Entènèt**.




3 Telechaje app **ListenWIFI** a nan App store la.



4 Ouvri app la epi konekte pwotèz oditif ou a.



5 Tape **SKANE ANDWA A** si nesesè.



6 Seleksyone yon sal. Si w bezwen entèpretasyon, chwazi yon lang.

SOUTIT ANDIRÈK (OPSYONÈL)

Soutit andirèk yo se dyalòg pale ki konvèti an tèks epi ki afiche an tan reyèl sou ekran telefòn ou.

iPhones. Fonksyone sou iPhone 11 oswa nouvo vèsyon avèk iOS 16 la oswa youn ki pi resan.

1. Ale nan **Reglaj > Aksesiblite > Soutit Andirèk**
2. Ouvri Soutit Andirèk, apresya seleksyone **Aparans** pou w pèsonalize tèks, gwosè, ak koulè soutit yo.

Telefòn Android. Fonksyone sou Android 10 ak vèsyon apre yo.

1. Ale nan **Reglaj > Aksesiblite > Aksesiblite** oswa **Sistèm**.
2. Tou depan de modèl telefòn ou, seleksyone youn nan sa yo:
 - a. Amelyorasyon Odisyon
 - b. Odyo ak tèks sou ekran
 - c. Tande
 - d. Aksesiblite
3. Seleksyone **Soutit Andirèk**.
4. Seleksyone **Itilize Soutit Andirèk**.

KONSÈY ITIL

- Pou w itilize ekoutè oswa pwotèz oditif Bluetooth yo, asire w ke Bluetooth aktive sou smartphone ou an.
- Si ou pa tande son, eseye ogmante volim telefòn nan.
- Si gen yon ti reta nan odyo a, eseye bagay sa yo:
 - Tape sou bouton poz la, epi apresya tape ankò pou redemare transmisyon odyo a.
 - Ogmanse volim telefòn ou an pou bloke son ki soti nan opalè yo ki nan plafon chapèl la.
 - Itilize kas ekoutè avèk fil olye de yon aparèy Bluetooth.
- Pou yon pi bon eksperyans nan koute pandan kantik yo oswa prezantasyon mizikal yo, panse pou w bese volim nan telefòn ou an oswa mete odyo a sou poz nan app la.
- Pou yon pi bon eksperyans nan pwotèz oditif nan klas yo, bese volim telefòn ou an ba nèt epi swiv soutit andirèk yo sou ekran an (gade enstriksyon yo sou bò gòch la).
- Pou lòt pwoblèm, eseye rekonekte nan rezò Liahona a.
- Si sistèm ListenWIFI a pa fonksyone byen, pawas ou a ka itilize aparèy radyo frekans (RF) ki egziste yo jiskaske pwoblèm yo rezoud.



LEGLIZ
JEZIKRI
POU SEN
DENYÈ JOU YO